

# KUMPULE BALUNG PISAH

A. Saerozi A.M.



**KUMPULÉ BALUNG PISAH**



# KUMPULÉ BALUNG PISAH

Déning

A. Saerozi A.M.


Rinengga 8 Gambar déning Z. Muchtar



PN BALAI PUSTAKA  
Jakarta 1978

Wedalan :  
PN Balai Pustaka  
Pangecapan :  
BALAI PUSTAKA  
BP No. 2098

Hak Pengarang kaayoman ing Angger-Agger



Gambar kulit déning Z. Muchtar

## ISINÉ BUKU

|                                     |     |
|-------------------------------------|-----|
| I. Godhaning ngaurip .....          | 7   |
| II. Ibu kuwalon .....               | 18  |
| III. Pepisahan .....                | 30  |
| IV. Ditinggal Mini lan Manto .....  | 41  |
| V. Ditari omah-omah .....           | 50  |
| VI. Ketemu bapak lan seduluré ..... | 61  |
| VII. Seduluré Sundari .....         | 77  |
| VIII. Inspéktur Yoyok .....         | 95  |
| IX. Kumpulé Balung Pisah .....      | 105 |
| X. Critané Darmono .....            | 113 |
| XI. Penutup .....                   | 129 |



## I. GODHANING NGAURIP

''Kok énjing, mas Rara ..... napa onten perlu ?''

''Ora, mBok ...., ya mung dolan wé .... Wong kebenaran ngomah suwung.''

''Lha keng ibu? Napa tindakan?''

''Iya, nyang Sambirejo ... bokmanawa mengko awan lagi rawuh. Mulané bubar resik-resik lan umbah-ubah, ngedhuk liwet, njur mréné.''

''Lha napa boten masak barang? Mengké keng ibu duka.''

''O Allah mBok .... masak maneh yèn dipercayaa .... Ya mung njangan-njangan bening kanggo sedhiyan adhik-adhik. Masak-masak liyané, nggorèng-nggorèng iwak mesthi ditandangi ibu dhéwé. Hhm, tujuné kowé saiki ana kéné, mbok ....., kena dakenggo réwang gremeng-gremeng ... Hhhmmm ...''

''.... Hhmmm .... hek, hek ...., o Allah mas Rara, kula nggih boten ngira .... hek ...., .... o, teka saniki mas Rara ngantos ngalami lelakon kados ngaten .....'' mbok Nem mingseg-mingseg, ngusapi eluh karo pucuking klambiné.

''Iya, mbok Nem ....., sapungkurmu saka dalemé bapak bi-yèn ... , ... ora ngira aku yèn ... ooo ...''

Darminah, kang diundang mas Rara iku uga kembang-kembang mripaté, lungguh nyedhak mbok Nem kang nuli ngelus-elus gegeré karo tansah mbrebesmili.

mBok Nem iku tilas abdiné wong tuwané. Nalika semono uripé Darminah kena diarani kepénak, tentrem ayem. Bapaké, Mas Sastrasudiro nyambut gawé ana ing sawijining kantor Pemerintah ing kutha Wirosari. Sanajan dudu pegawai tinggi utawa pegawai menengah, uripé mas Sastra katon tentrem lan ayem. Gajié sanajan ora sapiraha, nanging mas Sastra lan sisihané bisa ngubedaké. Kala-kala mesthi uga sok ngalami keruwetan bab

sekali . . . ,” celathuné Darminah. Nalika ngucapaké tembung kang pungkasan iku karo bisik-bisik.

Kabèh padha gumuyu.

”Hus, aja banter-banter ta, yèn kepireng . . . Kaé, lho, lagi padha lenggahan sekalian ing kursi njero . . . ,” celathuné Akh-madi uga bisik-bisik karo gumuyu . . . .



